

Lekòl Piblik Boston ■ Akò Paran epi Elèv

Aparisyon nan Medya

M bay Lekòl Piblik Boston pèmision pou li fè potre, pou anrejistre fim, chita-pale, ak/oubyen ekspozisyon piblik, pou lekòl la distribye oubyen pibliye alekri oswa nan medya elektwonik non pitit mwen an, aparans li ak sa l di ak devwa li pandan ane 2010-2011 la, menm si se estaf lekòl la, elèv oubyen lòt moun andeyò lekòl la, ak tout medya a ki antreprann demach sa a. M dakò pou Lekòl Piblik Boston itilize, oubyen pèmèt lòt moun itilize travay sa yo gratis epi san limitasyon. M pap mete okenn chaj sou do lekòl pitit mwen an ak tout anplwaye Lekòl Piblik Boston, ni reklame anyen nan men yo apre pitit mwen an fin parèt oubyen patisipe nan travay sa yo.

Siyati Paran/ Moun Responsab _____ Dat _____

Siyati Elèv (18 an ou plis) _____ Dat _____

Kondisyon Akseptab Pou Itilize Rezo Enfòmasyon ak Entènèt

Antan paran oubyen moun responsab elèv sa a, mwen te li Kondisyon Akseptab Itilizasyon Entènèt nan Lekòl Piblik Boston nan paj 45 Gid Lekòl Piblik Boston sa a epi mwen te diskite li ak pitit mwen an. Mwen konpran sèvis konpitè Lekòl Piblik Boston yo bay la se pou ranfòse travay akademik dapre pwogram BPS yo, eke nenpòt lòt sèvis elèv la ta fè ak zouti sa a pa tolerab. Mwen rekonèt tou li enposib pou BPS ta rive bloke tout materyèl dwòl, epitou mwen pa pral rann lekòl la responsab pou anyen ki ta pase atravè rezo entènèt lekòl la. Mwen konprann menm lakay mwen dwe voye je sou aktivite konpitè pitit mwen an paske sa ka gen konsekans sou travay lekòl la ak ozalantou li. Konsa mwen bay pèmision pou otorize pitit mwen an sèvi ak konpitè ki nan lekòl piblik Boston yo.

Siyati Paran _____ Dat _____

ELÈV YO DWE SIYEN DEKLARASYON KI PARÈT ANBA A KI ANRAPÒ AK KIJAN POU SÈVI AK ENTÈNÈT:

Antan elèv nan Lekòl Piblik Boston, mwen konprann itilizasyon entènèt ak lèt elektwonik se yon privilèj nan lekòl Boston yo, se pa yon dwa. Mwen konprann rezo entènèt lekòl la ak akont imèl yo se byen BPS epi yo pa zafè prive pèsonn. BPS gen dwa gade enfòmasyon ki nan bwatalèt mwen nenpòt kilè. Mwen konprann administratè BPS yo gen dwa deside ki konduit ki pa apwopriye menmsi li pa defini nan kontra sa a. Mwen pral sèvi ak konpitè yo yon fason ki respekte lalwa peyi Etazini ak Leta Massachusetts. Mwen konprann mwen dwe rele yon granmoun tousuit si mwen ta tonbe sou yon materyèl ki vyole itilizasyon apwopriye a.

M konprann epi mwen dakò pou mwen soumèt mwen a kondisyon sou konduit mwen jan yo mande l nan paj 45 Gid Lekòl Piblik Boston sa a. M pral sèvi ak resous teknoloji BPS yo yon fason pwodiktif ak responsab pou regle koze lekòl. M pa pral sèvi ak resous teknoloji a nan yon fason ki ta ka deranje aktivite lòt elèv yo. Mwen konprann konsekans m ka sibi se pèdi privilèj pou sèvi ak konpitè ak lòt pinisyon jan sa ekri nan Kòd Konduit la epitou menm pase anba men lalwa kit Leta a kit federal.

Siyati Elèv (5 an ou plis) _____ Dat _____

Bay Enfòmasyon Sou Elèv

Lekòl Piblik Boston delivre enfòmasyon sa yo san konsantman paran: non elèv yo, dat nesans yo, katye kote yo rete, klas yo, dat prezans yo, patisipasyon yo nan aktivite ki rekonèt ofisyèlman, si yo manm nan yon ekip atletik, degre yo, onè ak pri, epitou plan yo pou apre lekòl segondè. Si ou pa vle pou nou bay enfòmasyon sa yo san konsantman w, tcheke bwat pi ba a epi siyen l:

PINGA ou bay enfòmasyon sa yo san konsantman m.

Siyati Paran/ Moun Responsab _____ Dat _____

Siyati Elèv (18 an ou plis) _____ Dat _____

Règleman BPS: Itilize Entènèt nan Lekòl

Lekòl Piblik Boston (BPS) ofri yon gran etalaj resous teknoloji pou sèvis elèv yo. Resous teknoloji sa yo dwe sèvi sèlman pou rezon edikasyon. Regleman Aseptab Pou Itilize Entènèt nan BPS ekri a defini fason apwopriye ki entèdi move aktivite lè y ap itilize tout resous teknoloji ak aparèy elektwonik, jan administratè lekòl la defini sa. Chak elèv dwe swiv tout règ yo ak kondisyon ki nan lis, menm jan tou ak tout lòd pwofesè ak administratè “BPS” yo bay yo vèbalman, epi yo demontre konpòtman bon sitwayènte ak konpòtman etik nan tout tan.

Regleman Aseptab Pou Itilize Rezo Entènèt la: Elèv la responsab nan



- 1. Mwen responsab pou kont òdinatè mwen ak kont imèl.** Mwen konprann ke modpas yo prive e ke mwen pa ta dwe pataje modpas mwen ak nenpòt moun. Mwen konprann ke mwen responsab pou tout aktivite ki fèt ak kont mwen an. Mwen pa pral pèmèt lòt moun sèvi ak non kont mwen an ak modpas mwen, oswa eseye sèvi ak pa lòt moun. Mwen konprann ke mwen pral nan vyolasyon lalwa si mwen eseye devine epi volè ak mwayen elektwonik modpas yon lòt moun. Mwen konprann ke li enpòtan pou fèmen sesyon m “Log off” nan òdinatè a dekwa pou yon lòt itilizatè pa ka sèvi ak modpas mwen.
- 2. Mwen responsab pou langaj mwen.** Mwen pral sèvi ak lang ki apwopriye nan mesaj imèl mwen, sa mwen afiche sou entènèt la, ak lòt komunikasyon dijital. Mwen pa pral itilize profanite, vulgarite oswa nenpòt lòt langaj ki pa apwopriye jan administratè lekòl detèmine sa.
- 3. Mwen responsab pou jan mwen trete lòt moun.** Mwen pral sèvi ak imèl ansanm ak tout lòt mwayen komunikasyon (tankou blogs, wiki, chat, mesaj-istantane, tablo diskisyon, elatriye) ak responsabilite. Mwen pa pral voye oswa poste mesaj rayisab oswa menase moun, fè remak diskriminatwa oswa meprizan bay lòt moun, oubyen ankò angaje nan entimidasyon, arasman, oswa lòt konpòtman antisosyal pandan mwen nan lekòl la oswa mwen pa nan lekòl la.

POU APRANN PLIS TOUJOU SOU SEKIRITE ENTÈNÈT NAN BPS

Pou plis enfòmasyon sou Regleman Aseptab pou Sèvis zouti elektwonik gade:

www.bpscybersafety.org

(li seksyon sou Regleman Aseptab pou Sèvis ak Konpitè)

- 4. Mwen responsab nan fason mwen itilize rezo entènèt Lekòl Piblik Boston.** Mwen pral itilize resous òdinatè “BPS” yo ak responsabilite. Mwen pa pral chèche, rekipere, sere, sikile oswa afiche materyèl rayisman, ofansif oubyen ki montre pati seksyèl klè. Mwen pa pral chèche, rekipere, konsève oswa sikile imaj oswa enfòmasyon sou zam lè m ap sèvi avèk nenpòt resous òdinatè “BPS” sof si administratè lekòl / pwofesè otorize sa tankou yon pati nan devwa lekòl la.
- 5. Se mwen menm ki responsab pou konduit mwen sou entènèt la.** Mwen konprann ke sa mwen fè sou sit entènèt rezo sosyal pa ta dwe enfluyans negativman anviwònman aprantisaj lekòl la ak / oswa elèv parèy mwen yo, pwofesè yo ak administratè yo.
- 6. Mwen responsab pou yo rete onèt pandan mwen sou entènèt.** Mwen konprann ke maske, mistifye, oswa parèt tankou mwen se yon lòt moun bagay sa yo entèdi. Sa gen ladan, menm si li pa limite a, voye imèl, kreye kont, oswa poste mesaj oswa lòt kontni sou entènèt (tankou tèks, imaj, son oswa videyo) nan non yon lòt moun
- 7. Mwen responsab pou pwoteje sekirite rezo entènèt Lekòl Piblik Boston nan.** Mwen pa pral eseye kontoune anviwònman sekirite oswa filtè entènèt, oswa entèfere ak operasyon sou rezo a lè mwen enstale lojisyèl ilegal, dosye pataje ranpli, “shareware”, “freeware” nan konpitè lekòl la.
- 8. Mwen responsab pou pwoteje pwopriyete lekòl la.** Mwen konprann vandalis (kraze-brize) entèdi. Sa vle men pa limite nan aksè, modifye, oswa detwi ekipman, pwogram, dosye, oswa anviwònman nenpòt òdinatè oswa resous teknolojik. Mwen konprann ke mwen bezwen otorizasyon yon administratè lekòl / pwofesè pou itilize aparèy elektwonik pèsònèl mwen pote nan lekòl la, ki gen ladan men ki pa limite a aparèy pou memorize (tankou kle USB).
- 9. Mwen responsab pou respekte pwopriyete lòt moun sou entènèt la.** Mwen pral obeyi lwa sou “Copyright”. Mwen pa pral plajye oswa itilize travay lòt moun san mwen pa fè sitasyon apwopriye oswa san pèmision. Mwen pa pral kopye ilegalman materyèl “Copyright” pwoteje tankou mizik ak sinema, lis la pa fini.
- 10. Mwen responsab pou suiv règleman lekòl la lè mwen pibliye nenpòt bagay sou entènèt.** Mwen pral swiv tout règleman “BPS” oswa pwofesè lekòl mwen tablè lè mwen pibliye sou entènèt (travay tankou yon sit entènèt, blog, Wiki, tablo diskisyon, podcasts oswa videyo). Mwen konprann li pa senesòf pou bay nenpòt enfòmasyon pèsònèl sou tèt mwen, tankou men se pa sèlman sa: non mwen, adrès, nimewo telefòn oswa lekòl la. Mwen pa pral mete foto elèv ansanm non epi siyati yo sou sit entènèt, kit se sou sit entènèt, blog, wiki, fowòm diskisyon, ak tout lòt mwayen ki pa di la a san pèmision paran / moun responsab oubyen elèv yo (si yo nan laj 18 tan ak pi gran).